Qabul qilindi: 28.03.2025 Chop etildi: 30.04.2025 UDK: 821.51-93:17

# ИБРАЙИМ ЮСУПОВ ЛИРИКАЛАРЫНДА МАҚТЫМҚУЛЫНЫҢ ФИЛОСОФИЯЛЫҚ ЭСТЕТИКАЛЫҚ ДӘСТҮРЛЕРИ

***Венера Ҳайтбаева***

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

# ИБРАЙИМ ЮСУПОВ ЛИРИКАСИДА МАХТУМҚУЛИНИНГ ФАЛСАФИЙ ЭСТЕТИК АНЪАНАЛАРИ

***Венера Ҳайитбоева***

*Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти*

# ФИЛОСОФСКО-ЭСТЕТИЧЕСКИЕ ТРАДИЦИИ МАХТУМКУЛИ В ЛИРИКЕ ИБРАИМ ЮСУПОВА

***Венера Хайтбаева***

*Нукусский государственний педагогический институт имени Ажинияза*

# MAXTUMQULI'S PHILOSOPHICAL AND AESTHETIC TRADITIONS IN IBRAIM YUSUPOV'S LYRICS

***Venera Khaitbayeva***

*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*



*E-mail:*
***haytbayevavenera@gmail.com***

***Аннотация:*** *Мақолада И.Юсупов лирикасидаги Махтумқулининг поэтик анъаналари таҳлил қилинади. Махтумқулининг эстетик қарашлари, фалсафий хулосаларининг намуналари И.Юсупов лирикаларида учрайди. И.Юсуповнинг бадиий эстетик дунёси Махтумқули шеъриятидан озиқланиши, ижодкорнинг дунёқарашида, бадиий-эстетик дунёси, ҳаёт ҳақиқатини бадиий акс эттиришда ўзаро поэтик, бадиий-эстетик яқинлик мавжудлиги ҳақида фикр юритилади.*

***Таянч сўзлар:*** *эстетика, фалсафа, лирика, эстетик фикрлар, эстетик қарашлар, дидактик-фалсафий шеърлар. Махтумқули анъаналари, И.Юсупов поэзияси.*

***Резюме:*** *В статье анализируются поэтические традиции Махтумкули в лирике И. Юсупова. Эстетические взгляды Махтумкули и примеры его философских выводов можно найти в лирике И. Юсупова. Художественно-эстетический мир И. Юсупова питается поэзией Махтумкули. В его мировоззрении, художественно-эстетическом мире и художественном изображении жизненной реальности прослеживается взаимная поэтическая и художественно-эстетическая близость.*

***Ключевые слова:*** *эстетика, философия, лирика, эстетические мысли, эстетические взгляды, дидактико-философские стихи. Традиции Махтумкули, поэзия И. Юсупов.*

***Summary:*** *The article analyzes Maxtumquli's poetic traditions in I. Yusupov's lyrics. Examples of Magtymguly's aesthetic views and philosophical reflections can be found in the lyrics of I. Yusupov. I. Yusupov's artistic and aesthetic world, nourished by Maxtumquli's poetry, reflects the creator's worldview, artistic and aesthetic world, and the existence of poetic and artistic-aesthetic closeness in the artistic depiction of life's realities.*

***Key words:*** *aesthetics, philosophy, lyrics, aesthetic thoughts, aesthetic views, didactic-philosophical poems. The traditions of Magtymguly, the poetry of I. Yusupov.*

TAMADDUN NURI

**КИРИСИЎ (INTRODUCTION).** Қарақалпақ әдебияты тарийхы ҳәм фольклорында эстетикалық ой-пикирлердиң, өмирге болған эстетикалық көзқараслардың раўажланыўы бир неше дәўирлерди өз ишине алады. Халықтың эстетикалық көзқараслары ең дәслеп фольклорлық шығармаларда (салт-дәстүр жырлары, халық қосықлары, терме-толғаўлар, әпсаналар, дәстанлар ҳәм т.б.) көркем түрде баянланған. Эстетикалық сезим халықтың дәстүрий турмысында, күнделикли ис-ҳәрекетлеринде көринис таўып, ондағы сулыўлық пенен мийрим-шәпәәтлик уғымлары терең сәўлеленген. И.Юсупов дөретиўшилигинде эстетикалық көзқарасларының Мақтымқулы дөретиўшилигине уйғынлығы менен яғный Мақтымқулының өмирге болған эстетикалық көзқарасларының сыпатлы белгилерин ашып бериў басты ўазыпаларымыз болып табылады. Әлийшер Наўайы, Әбдирахман Жәмий, Муҳаммед Физулий, Әбилқасым Фердаўсий, Омар Ҳайям ҳәм т.б Шығыс классик данышпан шайырларына салыстырғанымызда Мақтымқулының поэзиясы XIX әсирде ҳәм XX әсирдиң биринши ярымында қарақалпақ халқы арасында кең таралғаны белгили. Мине, усы факторлар XX әсирдеги халық шайырлары, әсиресе А.Дабылов, Т.Жумамуратов ҳәм И.Юсуповлар Мақымқулының жолы менен менен барыўға да белгили дәрежеде өз тәсирин тийгизген болыўы мүмкин.

**ӘДЕБИЯТЛАР АНАЛИЗИ ҲӘМ МЕТОД/ (MATERIALS AND METHODS)**

«Эстетика сөзи грек тилинен алынып, бизиңше «сезиў», «сезиў уқыбы» мәнилерин аңлатып, «инсанның ҳақыйқый турмысының эстетикалық қатнасы ҳәм инсаниияттың көркем ойлаў қубылысының раўажланыў нызамлықлары ҳаққындағы илим». [2:45] Узақ ўақытлар даўамында эстетика «гөззаллық философиясы» деп те баҳаланып келинген. Бирақ, ҳәзирги дәўирде эстетиканы бундай етип тәрийиплеў толық туўра келе бермесе керек, себеби, «гөззаллықтың» өзи эстетикаға тийисли түсиниклердиң бирине айланып қалды. Инсан сана-сезимге ийе болғанлықтан сыртқы дүньяға, ондағы қубылысларға бийпарўа қатнас жасамайды. Олардан тәсирленип түрли сезимлерди: жағымлы-жағымсыз, унамлы, көтериңки, қорқынышлы, жеркенишли сезимлерди, сондай-ақ, күлки сезимлерин бастан кеширеди, оларға эмоционал баҳа берип ажыратады. Усы эстетикалық сезимлер тийкарында көркем өнерде, соның ишинде көркем әдебиятта көркем образлар жаратады. Көркем әдебият шығармаларын оқығанда, оқыўшы түрли эстетикалық сезимлерди кеўилден өткереди, қаҳарманның жақсы ис-ҳәрекетлерине сүйенеди.[3:11].

Мақтымқулының дидактикалық-философиялық қосықларындағы әдебий-эстетикалық көзқараслары, бийтәкирар поэтикалық дүньясы қарақалпақ шайырлары, бақсышылық ҳәм қыссаханшылық мектеби ўәкиллериниң көркемлик дүньясын байытыўда айрықша әдебий қубылыс болды. Ҳақыйқатында да «Хорезм ҳәм Қарақалпақта Мақтымқулының шайырлық абыройы оғада бәлент болды. Қәлеген шайыр, қыссахан, халық бақсылары өз дөретиўшилигин Мақтымқулы-ның қосықларын үйрениўден баслаған». [4:45]. «Бурыннан киятырған бақсылардың дәстүри бойынша Мақтымқулының сөзин айта билмеген бақсыны, бақсы деп есапламаған». [1:128]. Демек, бул жағдай қарақалпақ лирикасының раўажланыўында Мақтымқулының дөретиўшилигиниң қаншелли дәрежеде әҳмийетли болғанынан дәрек береди.

**ТАЛҚЫЛАЎ/ОБСУЖДЕНИЕ/DISCUSSION**

Мақтымқулының бай поэтикалық дәстүрлеринен, көркем эстетикалық көзқарасларынан руўхый азықланған И.Юсупов та XX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхын оригинал поэтикалық шығармалар менен байытыўда, Мақтымқулы поэзиясында ушыраспайтуғын, кеўил дүньясын, қәлбин ийелеген жаңа темалар дөгерегинде дөретиўшилик принциплери тийкарында толықтырып, жаңа эстетикалық сезимлер менен қәлем тербетеди. Шайыр И.Юсупов Мақтымқулыны өзине руўхый устаз санап

оның шерият бостанынан илҳамланып өлмес поэтикалық мийрас қалдырған.

И.Юсуповтың назирагөйлик усылында жазылған қосықлары арасында Мақтымқулының поэзиясын ядымызға салады. И.Юсуповтың «Болмаса» қосығы Мақтымқулының «Били болмаса» қосығына формасы, идея-тематикасы, әдебий-эстетикалық, дидактикалық-философиялық бағыты бойынша да уқсас болып табылады. Мақтымқулының бул қосығы дидактикалық мазмунды жүклеген ҳалда, шайыр инсанға тән болған барлық қәсийетлерди тымсалый образлар, тәбият қубылыслары менен ҳәм ҳәр қыйлы қуслар образы арқалы да сүўретлейди, жуўмақ шығарады.

Мақтымқулы:

Хер ким сулув мен дийр, олмаз ыгтыбар,
Сүнбүл сачы, гылча били болмаса,
Йүреклери ат башы дек батырлар
Хатынча ёк ат-ярагы болмаса.

Нәлери гөржекдир бу шум көңүллер,
Хазан урса, солар ачылан гүллер,
Баг ичре сайрашан шейда билбиллер,
Торгайча ёк, гонар гүли болмаса.

Сөзлесең, хер яна өвсер бу тиллер,
Аркадан ел өссе, шувлар шемаллар,
Яшылбаш соналар, газлар гаркылдар,
Халы харап дүшер көли болмаса.

Гушлар уча билмез гуйрук-ганатсыз,
Ашык яра етмез дады-перятсыз,
Бир бедев етмез дады перятсыз,
Гуйругы, кәкили, ялы болмаса. [5:216].

Мақтымқулы бул қосық қатарларында бүлбил қонбаған бағ, хеш қандай пайызлы болмағанындай, қанаты болмаған кус қаншели дәреже ушыўға урынбасын, бәри-бир аспанға көтериле алмайды. Қуйрығы, жалы болмаған бедеў айлаўға, жолға жарамайды дейди. Бул пикирлери менен шайыр инсанның бахытлы болыўы ушын оның материаллық ҳәм руўхый тәмийинлениўге ийе болыўы керек деген шешимге келеди.

**НӘТИЙЖЕЛЕР (RESULTS)**. И.Юсупов өзиниң «Болмаса» деп аталған қосығында Мақтымқулының бул эстетикалық көзқарасларын, дидактикалық ой-пикирлерин бираз раўажландырды. Егер де Мақтымқулы қосықларында дидактикалық идеялар, инсан турмысы менен байланыслы ой-пикирлер рәмзий образларда сүўретленсе, И.Юсупов инсанларда ушырайтуғын жақсылық ҳәм жаманлық қәсийетлерине кескин эстетикалық көзқарасларын билдиреди.

Қус баласы болып илинбес саңға,
Бүлбилдиң хошҳаўаз сеси болмаса.
Сазды шерткен менен келмес намаға,
Кеўилдиң бир әндийшеси болмаса.

Әдет қалар бәлким, қәсийет қалмас,
Елге хызмет етпей жигит сыналмас.
Көп жасаған менен ақсақал болмас,
Парасатлы ақыл-еси болмаса.

Биреўлер қартайса зийнети асар,
Елине сән берип, төрге жарасар,
Биреўлер урғашы маймылға усар,
Мәзи адам сүўрет түси болмаса. [6:216].

Мақтымқулының поэтикалық дәстүрлери усы қосықта синтезленеди, көркем эстетикалық көзқараслары, әдебий-тарийхый, халықлық философия ҳәм дидактикалық ой-пикирлери менен қарысып кетеди. Әдебий-эстетикалық көзқарас жәмийеттеги түрли ҳәдийселер себепли өзгерисге ушырап, жаңаланып барыўшы социаллық ой-пикирдиң бири деп те атаў мүмкин. Әдебияттың объекти дүнья ҳәм инсан, олар арасындағы мүнәсибет болғаны ушын да, өзгерип баратырған дүнья ҳәм оны пикирлеўге, ойлаўға урынып атырған инсан менен бирге әдебият да өзгериўде, раўажланыўда даўам етеди.

Дүньяның мәңгилиги яки өткиншилиги оның мәкан ҳәм заманда шекленген яки шексизлиги ҳаққында көзқараслар инсанияттарийхында әпсаналар, диний рәўиятларда ҳәм қамусий данышпан алымлардың философиялық бағдарда жазылған трактатларында талқыланып келинген. Бул шығармалардың, илимий тарактатлардың барлығының жуўмағы дүнья турақлы ҳәм мәңги делинген. Бирақ, мәңги дүньядағы



TAMADDUN NURI

барлық нәрселер жанлы ҳәм жансыз организмлер, инсанлар ҳәм олардың искерлиги, пүтин бир жәмийет дүзими ўақтынша, өткинши сыпатында белгиленеди. Белгили қарақалпақ шайыры И.Юсуповтың философиялық, эстетикалық көзқараслары, дүнья, жаратылыс ҳаққында идеялары, ой-пикирлери Мақтымқулының идеялары менен уйғынласады. И.Юсупов:

Адам уғлы, өз кеўлиңди шад әйле,
Ашылсаң, ашыла берер бу дүнья,
Өткенлердиң ўәсиятларын яд әйле,
Жыйнасаң шашыла берер бу дүнья.

Ҳадал мийнет етип, тапса дүньяны,
Бийғәрезлик ғош жигиттиң әрманы.
Ҳийле қылсаң, алдайман деп сен аны,
Сумлығын асыра берер бу дүнья. [6:116].

**Мақтымқулы:**

Адем диярындан вужуд шәхрине,
Үч йүз алтмыш гүнлик ёлмуш бу дүнйә,
Йөрип-йөрип, бир кенардан етишдим,
Барсам, менден бурун долмуш бу дүнйә.

Мен өзүмни бу мейлисге етирдим,
Жахан томашасын гөзе гетирдим,
Гулак салып, бир көшеде отурдым,
Бер-хе-бермиш, ал-ха алмыш бу дүнйә.

Қайсы бир гудратын дийсем миессер,
Бирин-бирин айтсам гелмез сербе-сер,
Үсти пелек, асты аның еди ер,
Андан ашак дүшсем, елмиш бу дүнйә.[5:39].

Қосық қатарларында көринип турғанындай еки шайырдың да дөретиўшилигинде «Дүнья» түсиниги, оның ашшы сабағы, дүньяның өткинши, бийопалығы, адамзаттың дүнья деп бир-бирин қырғын еткенлиги, алтын деп жыйғаны тат темирге айланғаны, ең соңында мат болып опық жерсең деп көркем образлы усылда сүўретлеўи көзге тасланады. Әлбетте, И.Юсупов Мақтымқулының «Бу дүнйә», «Елмиш бу дүнйә» қосықларындағы дүнья түсиниги ҳәм шайырдың философиялық-эстетикалық көзқарасларын «Бу дүнья» қосығында раўажландырғандай көринеди. И.Юсупов уллы сөз зергери болып қалмастан, қосық үстинде, зәрүр болса, ҳәр бир сөз үстинде тынымсыз мийнет еткен дөретиўши тулға болды.

**ЖУЎМАҚ (CONCLUSION).** Ҳақыйқатында да, шайыр өзине тән әдебий эстетикалық концепцияға ийе дөретиўши сыпатында қарақалпақ лирикасының раўажланыўына үлкен үлес қосты. Шайыр лирик қаҳарманның образын, ишки-ой дүньясын айқын ашып береди. Поэтикалық шеберликке ерисиў арқалы өз оқыўшыларына эстетикалық тәсир етиў арқалы, ҳақыйқый өмир динамикасын сәўлелендиреди.

Шайыр И.Юсуповтың халықлық дидактикалық көзқараслары, өмир, дүнья, болмыс, турмыста жүз беретуғын жақсылық, ерлик, мәртлик, қаҳарманлық ҳәм т.б. инсаный, адамгершилик идеялар көркем образлы сәўленленип, Мақтымқулы поэзиясына тән болған поэтикалық дәстүрдиң даўам етиўшиси сыпатында баҳаланады. Солай етип, И.Юсуповтың көркем эстетикалық дүньясы Мақтымқулы поэзиясынан азықланыўы, дөретиўшиниң дүньяға көзқарасында, көркем-эстетикалық танымында, турмыс ҳақыйқатлығын көркем сәўлелендириўде өз-ара поэтикалық, көркем-эстетикалық жақынлық барлығын тастыйықлайды.

## ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ (ИСПОЛЬЗОВАННАЯ ЛИТЕРАТУРА / REFERENCES)

1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1988.
2. Носирхўжаев Г. Этика. Эстетика. -Тошкент: Тошкент давлат юридика университети нашриёти. 2006.
3. Жәримбетов Қ. Әдебияттаныўдан сабақлар. – Нөкис: Билим, 2012.
4. Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. -Нөкис: Билим, 2004.
5. Магтымгулы. Сайланан эсерлер. Ики томлук I. –Ашгабат: Түркменистан, 1983.
6. Юсупов И. Таңламалы шығармалары. II том. – Нөкис: Билим, 2018.



TAMADDUN NURI